FORTIFYFL

APLIKASYON POU RAPÒTE AKTIVITE SISPÈK

SOUMÈT YON ENFÒMASYON BYEN VIT EPI BYEN FASIL

Lè yo ale nan Fortify FL, elèv yo ka bay deskripsyon menas la, pataje foto ak videyo epi soumèt enfòmasyon pou kontakte yo si yo vle.

Anonim oswa Pa Anonim

Ou deside si ou vle mete non ou ak enfòmasyon pou kontakte ou.

Pratik

Avèk aplikasyon mobil oswa sit entènèt nou an, li rapid ak fasil pou soumèt yon enfòmasyon.

Mete Foto ak Videyo ladan

Ou kapab mete foto oswa videyo tou avèk rapò enfòmasyon ou w ap bay la.

TRANSMÈT BA OTORITE YO BYEN RAPID

Fortify FL transmèt rapò enfòmasyon ou yo otomatikman bay ajans fòsdelòd ak otorite lekòl apwopriye yo.

Responsab Lekòl Ou yo

Rapò enfòmasyon yo al jwenn responsab lekòl lokal ou lè ou soumèt yo.

Fòsdelòd Lokal yo

Depatman lapolis oswa biwo cherif zòn ou an resevwa kopi enfòmasyon ou yo otomatikman.

Responsab Onivo Eta a

Responsab yo onivo Eta a gen aksè tou nan enfòmasyon ou yo pou garanti yo pran dispozisyon kòmsadwa

Fortify FL se yon zouti pou rapòte aktivite sispèk ki pèmèt ou transmèt enfòmasyon soulechan bay ajans fòsdelòd apwopriye yo ak responsab lekòl yo. Se Lejislati Florid 2018 la ki te kreye ak finanse Fortify FL nan kad Lwa sou Sekirite Piblik Marjory Stoneman Douglas High School la.

#FORTIFYFL

GETFORTIFYFL.COM

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION
fldoe.org